



Rezime Kontra Asistans Asirans CAN Cares

CAN COMMUNITY HEALTH, INC., se yon konpayi onivo nasyonal ki a bi non-likratif ("CAN"), ka ofri asistans asirans bay pasyan ki patisipe nan pwogram Epatit C, VIH, oubyen PrEP. Moun k ap patisipe nan pwogram asistans asirans lan, ki rele "Can Cares" ka enskri nan yon plan asirans apwouve atravè www.healthcare.gov. Plan asirans yo varye selon eta a. Asistans asirans lan pral kouvri prim mansyèl pou plan asirans lan. Asistans asirans CAN Cares pa peye pou ko-peman, franchiz, oubyen ko-asirans. Tanpri sonje peman ki reyalize pa CAN kòm prim mansyèl ka vin konsidere kòm revni lè w ap fè deklarasyon enpo epi yo ka kreye kredi enpo. Nou sijere pou w chache konsèy nan men yon pwofesyonèl enpo. Kredi enpo sa yo ak kèlkeswa prim mansyèl peye pa CAN, ou pral bezwen ranbouse yo bay CAN osi vit ke w resevwa yo.

Mèsi paske w ap patisipe nan pwogram asistans asirans CAN Cares, ki pral kòmanse nan premye jou nan mwa ki swiv yon enskripsyon konplè epi kontinye atravè dat ki dekri pi ba a epi fini pa pi ta ke dènye jou nan ane sivil la, ki rete sijè a kèlkeswa lòt tèm ak kondisyon ki valid pou akò a. Ou te vèbalize ou dakò ak "Kondisyon pou Patisipasyon" swivan ki dekri pi ba a, epi sa a se yon rezime akò sa yo.

M dakò pou m itilize yon famasi ki apwouve pa CAN ak yon founisè medikal ki apwouve pa CAN.

M dakò pou m rete fidèl ak plan tretman an jan sa ye nan akò founisè CAN mwen an, sa enkli rekòmandasyon espesyalite, medikaman, ak vizit swivi.

M dakò pou m ale nan tout randevou medikal ak laboratwa.

Tout enfòmasyon mwen founi yo rete kòrèk ak konplè. M konprann mwen dwe enfòme navigatè swen an sou kèlkeswa chanjman nan revni mwen. M responsab pou kèlkeswa depans ki vin fèt akòz m te bay enfòmasyon enkòrèk oubyen enkonplè. CAN pa responsab pou pyès depans ki kreye oubyen obligasyon fiskal.



M dakò pou m prezante tout korespondans nan men mache swen sante, konpayi asirans lan, konpayi laboratwa yo, koutye asirans, oubyen lè CAN mande sa nan men navigatè swen mwen an.

M dakò pou m remèt bay CAN tout chèk ranbousman asosye ak plan sante a depi m ta resevwa yo. Si m pa fè sa, li ka afekte kapasite m pou m patisisipe nan pwogram lan. Ekzanp yo enkli: ranbousman prim, peman anplis bò kote founisè a, ak kredi fiskal.

M te dakò m pa pral chanje plan asirans mwen an san m pa kontakte navigatè swen mwen an anpremye.

M konprann yo ka retire m nan plan asistans asirans CAN cares lan si m pa montre adezyon pandan plis pase 30 jou, oubyen si m itilize yon famasi oubyen yon founisè CAN pa otorize.

M konprann plan asirans mwen an ka chanje a nenpòt ki moman pou pi byen sèvi nesesite swen sante CAN Cares, epi yo pral analize patisipasyon chak ane pandan peryòd enskripsyon lib nan mache swen sante an.

M konprann m ka anile kouvèti swen sante mwen an a nenpòt ki moman epi CAN anmezi pou l anile kouvèti swen sante mwen an pou kèlkeswa rezon ak yon notifikasyon 30 jou.

Mwen te li epi m konprann politik ki anwo a. Mwen konprann epi m pral respekte kritè yo ak responsablite mwen yo pou m kontinye resevwa asistans toutotan mwen gen yon nesesite epi asistans lan ret disponib.

Si m gen kesyon oubyen enkyetid konsènan asirans sante CAN Cares mwen an, m pral kontakte klinik mwen an oubyen kontakte CANcaresHelp@cancommunityhealth.org.